# Сан хьоме Да!

---

«Вайн Дайн-Нанойн сий деш,
уьш резабеш даха,
Дала вайна хьекъал, иман,
иэхь-бехк лойла!»



Дада, ахь суна ницкъ ло:
Иллешкахь йовзийта зама,
Х1аллакбан дог дохо бала,
Резаян сайн хьоме нана.

- «Дела Ша цхьаъ ву, Да а ву иштта
Цу Делан некъехь схьавог1у Да атта.
Дена вай вас йича, и халахетта,
Дегалуш хетало дерриг х1ара латта».



«Ма вуьсийла дуьне даа,

Ден ц1е ца ларъен йолу к1ант!»



**1уьйранна г1атта сан дег1ана ницкъ луш волу,**
**Далла ечу 1амалехь новкъа со воккхуш волу,**
**Коьртера сан хьекъал денна садоккхуш волу,**
**Дала хьан сий Дойла, сан лераме Дада!**

**Дала хьарам динчух со юхатухуш волу,**
**Нахалахь хиладезарг бакъонца дуьйцуш волу,**
**Иманехь-Исламехь хьанала со кхиош волу,**
**Дала хьан сий Дойла, сан лераме Дада!**

«Дада,
велар-кха
хьо суна,
Дуьне мел
лаьтта
вехаш!»



«Кхана хьо ца г1аттахь меттара хьала,

Байтамал бохур ду, кхуьур дац х1умма а.

Тахана Ден сий дар дац цуьрриг а хала.

Дац кхин кху дуьненахь Ден меха х1ума!»



Дас бохург дина к1ант тоьлла ца г1ахь а , эшна г1ур вац.

# -------------

- «Хаалахь,ца дог1ий д1адаьлларг

юха,

Доца дуй дахар. Дохковала хьо

сихха.

Дика дар ма тетта кханенга ахьа,

Мила вер кханенга, хаьа и хьанна!»

Вай Дала кхоьллина хастам бан Шена.
Хьарамниг, хьаналниг Ша билгал а дина.
Цу Далла хастам беш, кхин а т1едиллина:
Дай-Наний ларар, муьт1ахь хилар царна.

Дела ца везариг, вайн Далла а ца веза.
Воккху и Дала Шен диканна гена.
Ирс долуш дуьненахь иза ца веха.
Дерриг а хетало долуш санна г1енах.



Сан б1ьргийн нур, деган ерриге йовхо,
Доь1у са, боккху ког-дерриг ду доьзна
Дас хьостучу дагах, куьг хьоккхуш ховха.
Ма вуьсийла дех ваьлла, цхьа а де доьхна,

Амма со кхета, даим дац дахар.
Сох къастош дуьне ца яг1ахь и суьйре
Да воцуш т1едужур ду байлахьа вахар
Дех къастош йог1ур ю йоьхна и 1уьйре.



----

Суна сайн Да веза, Нана а еза.
Хаьа, сан Дена со а дукхаеза.
Лаьа вайн Деле доггаха деха:
«Суна сан Да Ахьа ваха вехьа»!

Тешна ю Дала жоп лург хиларх.
Заманан йохаллехь Да вехарг хиларх
Да воцуш дуьнене г1ийла б1аьрг тоха,
Доьху хьоь, Дела, ахь суна ма лохьа!



Дас соьга олура тешавеш:
«Куралла ю синан мостаг1а.
Хила хьайн лаамна иэшам беш.
Хир ву хьо адамийн доттаг1а».

Дас соьга олура-бохура:
«Шен-шен ю адамийн амалаш.
Массеран амалца вог1уриг,
Зевовр вац. Цунна хьо 1амалахь».



Оьг1азе дош алий Да д1а ма татта,
Иштта а ду доца, к1ентий, вайн дахар.
Цул т1аьхьа хан яккха ца хуьлу атта,
Да ву вайн деган стом, берриге бахам.

Нагахь Да вицвина дуьненахь лелахь,
Ойланехь ваьллехь хьо цунна гена,
Дех ваьлча хуьлий хьо хаалахь байлахь,
Дан доцуш вуьсийла х1умма а хьайна.



-----

«Дада, ахь суна ницкъ лолахь,

Хастам бан везачу Далла!

Дела, ахь суна ницкъ лолахь,

Сайн Дада резавеш ваха!»

